

KESYON MOUN POZE SOUVAN

Moun k ap Bay Swen pou yon Fanmi ak yon Pwoblèm Sante Grav



Paid Family Leave

AVANTAJ YO

Konbyen lajan m ap resevwa nan avantaj?

Y ap entegre avantaj yo sou katran. An 2018, w ap ka pran jiska wit (8) semèn Konje Peye pou Fanmi epi resevwa 50% salè mwayen pa semèn (average weekly wage, AWW) ou, ak yon limit jiska 50% Salè Mwayen pa Semèn (Average Weekly Wage, SAWW) Eta New York la. Salè AWW ou se mwayèn wit (8) dènye semèn salè ou avan ou kòmanse Konje Peye pou Fanmi a. Yo mete SAWW ajou chak ane.

EGZANP AVANTAJ KONJE PEYE POU FANMI AN 2018		
Salè mwayen pa semèn Travayè a	Salè Mwayen pa Semèn x 50% Limite a 50% Salè Mwayen pa Semèn Eta New York la (\$652.96)	Avantaj PFL pa Semèn (2018)
\$600		\$300
\$1,000		\$500
\$2,000		\$652.96

Avantaj yo ap ogmante an 2021:

ANE	KANTITE SEMÈN KONJE	AVANTAJ
2018	8 semèn	50% AWW* anplwaye a, jiska 50% SAWW**
2019	10 semèn	55% AWW anplwaye a, jiska 55% SAWW
2020	10 semèn	60% AWW anplwaye a, jiska 60% SAWW
2021	12 semèn	67% AWW anplwaye a, jiska 67% SAWW

FINANSMAN

Konbyen ou peye pou avantaj yo?

Ou peye pou avantaj sa yo ak yon ti dediksyon sou pewòl ou chak semèn, ki se yon pousantaj sou salè ou chak semèn jiska yon limit yo mete chak ane.

Kontribisyon sou pewòl 2018 la se 0.126% salè pa semèn ou epi li gen yon limit maksimòm \$85.56 pa semèn. Si ou touche mwens pase Salè Mwayen pa semèn Eta New York la (\$ 1305.92 semèn), ou pral gen yon montan kontribisyon anyèl ki mwens pase limit \$ 85.56 la, ki koresponn ak salè chak semèn ou.

Pa egzanp, an 2018, si ou touche \$27,000 nan yon ane (\$519 chak semèn), ou pral peye 65 santim chak semèn.

Pou estime dediksyon ou, sèvi ak kalkilatris dediksyon pewòl la nan ny.gov/PFLcalculator.

KALIFIKASYON AK PATISIPASYON

Kimoun ki kalifye?

Pifò anplwaye k ap travay nan Eta New York pou anplwayè prive yo kalifye pou pran Konje Peye pou Fanmi. Si ou se yon anplwaye piblik, patwon ou ka chwazi patisipe nan pwogram nan.

- **Anplwaye ki travay atan plen yo:** Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay pou 20 èdtan oswa plis pa semèn, w ap kalifye apre 26 semèn travay youn apre lòt.
- **Anplwaye ki travay atan pasyèl yo:** Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay mwens pase 20 èdtan pa semèn, w ap kalifye ou te travay 175 jou, epi yo pa bezwen youn apre lòt.

Ou kalifye kèlkeswa sitwayènte ou ak/oswa sityasyon ou ak imigrasyon.

KALIFIKASYON AK PATISIPASYON (SWIT)

Èske anplwaye yo oblije patisipe nan Konje Peye pou Fanmi?

Wi. Konje Peye pou Fanmi obligatwa pou pifò fanmi. Yon eksepsyon se si yon anplwaye kalifye pou yon egzanpsyon. Yon anplwaye ki kalifye pou yon egzanpsyon si yo pa atann pou yo travay pou menm patwon an ase lontan pou satisfè kondisyon pou kalifye yo. Si yon anplwaye travay yon orè regilye 20 èdtan oswa plis pa semèn, li kalifye apre li travay 26 semèn youn apre lòt. Si yon anplwaye gen yon orè travay regilye kote li travay mwens pase 20 èdtan pa semèn, li ap kalifye apre li te travay 175 jou, epi yo pa bezwen youn apre lòt. Patwon yo dwe ofri yon egzanpsyon pou nenpòt anplwaye ki pa pral satisfè limit sa yo.

Èske ou ka deside pa patisipe?

Ou ka chwazi pa patisipe nan Konje Peye pou Fanmi si ou pa atann pou ou travay po patwon ou pou minimòm tan yo egzije pou kalifye a.

Si ou satisfè kritè sa a, patwon w la dwe ofri ou yon fòm egzanpsyon nan Konje Peye pou Fanmi, ki disponib tou nan ny.gov/PaidFamilyLeave. Patwon yo ta dwe kenbe fòm egzanpsyon ranpli yo nan dosye anplwaye a.

Si yon chanjman nan orè ou lakòz ou ap travay ase tan pou satisfè kondisyon pou kalifye yo, egzanpsyon ou a ap anile otomatikman. Ou ka anile egzanpsyon ou a ou menm nenpòt ki lè. Si ou anile egzanpsyon an, patwon ou gendwa kòmanse fè dediksyon sou pewòl ou epi kòmanse pran dediksyon yon fason retwo-aktif pou depi dat ou te siyen egzanpsyon an.

Èske anplwaye a tan pasyèl yo ka pran Konje Peye pou Fanmi?

Wi. Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay pou 20 èdtan oswa plis pa semèn, w ap kalifye apre 26 semèn travay youn apre lòt. Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay mwens pase 20 èdtan pa semèn, w ap kalifye ou te travay 175 jou, epi yo pa bezwen youn apre lòt.

Ki fanmi ki jwenn pwoteksyon Konje Peye pou Fanmi pou swen fanmi?

Ou ka mande Konje Peye pou Fanmi pou pran swen yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav sa yo: mari oswa madanm ou, patnè domestik, timoun, bofis/bèlfi, paran, boparan, granparan, oswa pitit pitit. Frè ak sè pa antre nan lis moun ki jwenn pwoteksyon sa a.

Ki sa ki nesesè pou demontre yon patenarya domestik?

Yo gade plizyè faktè pou detèmine si yon patenarya domestik egziste. Sa yo gen ladan yo: si nou gen pwopriyete nou te achte ansanm, si nou gen timoun, si nou gen entansyon marye, si nou pataje bidjè, ak kantite tan nou te ansanm.

Fason fanmi ou ka vin kalifye pou swen fanmi anba Konje Peye pou Fanmi?

Fanmi ki kalifye yo bezwen gen yon pwoblèm sante grav pwofesyonèl swen sante a sètifye pou resevwa swen anba Konje Peye pou Fanmi an. Definisyon yon pwoblèm sante grav se yon maladi, chòk, andikap, oswa pwoblèm fizik oswa mantal ki egzije swen pasyan entènè nan yon lopital, ospis, oswa sant sante rezidansyèl po pasyan ki entènè/pasyan ki pa entènè, oswa tretman oswa sipèvizyon regilye nan men yon pwofesyonèl swen sante.

Èske ou ka itilize Konje Peye pou Fanmi pou okipe yon fanmi kalifye k ap viv deyò New York?

Wi, ou ka pran Konje Peye pou Fanmi pou okipe yon fanmi k ap viv deyò New York, depi toupre fanmi w ap okipe a pandan pifò peryòd Konje Peye pou Fanmi an. Sa gen ladan tan ki nesesè pou vwayaje kote fanmi w ap okipe a, pou vwayaje pou mennen li New York, pou jwenn medikaman li, oswa pou fè aranjman pou swen li.

Èske ou ka pran Konje Peye pou Fanmi si w ap touche konpansasyon travayè?

Sa depan. Si ou p ap travay epi w ap kolekte konpansasyon travayè yo, ou gendwa pa ka itilize Konje Peye pou Fanmi. Si w ap travay yon orè kote salè ou redwi epi w ap kolekte konpansasyon travayè yo, ou ka toujou kalifye pou Konje Peye pou Fanmi.

Èske ou ka pran Konje Peye pou Fanmi si w ap touche avantaj andikap akoutèm?

Non. Ou pa ka resevwa Konje Peye pou Fanmi ak avantaj pou andikap akoutèm an menm tan an.

LÈ W AP PRAN KONJE PEYE POU FANMI

Fason pou mande Konje Peye pou Fanmi pou pran swen yon fanmi?

1. Mete patwon ou okouran omwen 30 jou avan konje ou kòmanse, si ou te prevwa sa. Sinon, mete patwon ou okouran pi vit posib.
2. Pran pake fòm demann pou *Swen pou yon Fanmi ak yon Pwoblèm Sante Grav*. Fòm yo disponib nan men patwon ou, konpayi asirans travay ou, oswa ale dirèkteman sou ny.gov/PaidFamilyLeaveApply.
3. Ranpli *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1)*, epi swiv enstriksyon yo ki sou paj kouvèti a. Fè yon kopi pou dosye ou, epi soumèt li bay patwon ou. Patwon ou dwe ranpli seksyon pa li nan *Fòm PFL-1* and epi retounen li ba ou nan trwa (3) jou travay. Si patwon ou pa reponn, ou ka ale nan pwochen etap la pi ba a.
4. Fanmi ou an (moun k ap resevwa swen an), oswa reprezantan otorize li, dwe ranpli *Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Selon Lwa Konje Peye pou Fanmi an (Fòm PFL-3)* epi soumèt li bay pwofesyonèl swen sante li. Otorizasyon sa a pral fini apre yon ane, oswa lè manm fanmi an anile li. Pwofesyonèl swen sante a ap kenbe li nan dosye li.
5. Ranpli seksyon anplwaye a nan *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante (Fòm PFL-4)*. Ou menm, fanmi an ou a, oswa reprezantan otorize li dwe bay *Fòm PFL-4* pwofesyonèl swen sante fanmi ou an.
6. Pwofesyonèl swen fanmi ou a ap ranpli rès *Fòm PFL-4* epi retounen li bay fanmi ou oswa reprezantan otorize li. Apresa, bay *Fòm PFL-4* pou soumèt.
7. Soumèt *Fòm PFL-1*, *Fòm PFL-4*, ak dokiman sipò konpayi asirans travay ou. Ou ka soumèt demann ou an anvan konje ou a kòmanse oswa nan 30 jou apre konje ou a kòmanse. Konpayi asirans la dwe peye oswa refize demann ou a nan 18 jou oswa mwens apre yo te resevwa demann konplè ou a.
 - Si ou vle konnen kiyès ki konpayi asirans ou, ou ka:
 - Gade afich Konje Peye pou Fanmi nan travay ou a.
 - Mande patwon ou.
 - Ale sou sitwèb wcb.ny.gov epi chèche non patwon w lan pou chèche non konpayi asirans lan.
 - Si ou pa kapab detèmine konpayi asirans travay ou a, rele Liy Èd Konje Peye pou Fanmi an pou yo ede ou jwenn konpayi a.
 - Liy Èd Konje Peye pou Fanmi **(844) 337-6303** (8:30 a.m. – 4:30 p.m., ET, lendi– vandredi)
 - Si ou kwè patwon ou pa gen asirans, ou ka soumèt demann ou pou Konje Peye pou Fanmi bay Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York la.
 - Paid Family Leave, PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030

Èske plizyè anplwaye ka pran Konje Peye pou Fanmi pou okipe menm fanmi an?

Si anplwaye yo ap travay diferan kote, ka pran Konje Peye pou Fanmi pou okipe menm fanmi an nenpòt lè o vle. Men, anplwaye k ap travay menm kote yo dwe gen otorizasyon patwon yo avan si yo vle pran Konje Peye pou Fanmi menm lè a pou pran swen menm fanmi an.

Èske ou ka pran Konje Peye pou Fanmi ak konje pou maladi ak/oswa vakans pou resevwa tout salè ou?

Ou ka chwazi pran sèlman konje maladi ak/oswa vakans pandan Konje Peye pou Fanmi sèlman lè patwon ou otorize li. Si ou pran konje maladi ak/oswa vakans menm lè ak Konje Peye pou Fanmi sa kapab pèmèt ou touche tout salè ou pou tout oswa yon pati nan konje a. Lè sa a, konje maladi ak/oswa vakans ou pral kouvri ak menm dwa ak pwoteksyon yo bay anplwaye yo anba Lwa Konje Peye pou Fanmi, tankou dwa pou kenbe asirans sante yo ak dwa pou retounen nan menm travay la (oswa youn ki menm jan an) lè ou soti nan konje a.

KONTESTASYON

E si yo refize demann Konje Peye pou Fanmi ou a?

Si yo refize demann ou pou Konje Peye pou fanmi, ou ka mande yon medyatè ki pa fè patipri evalye refi a. Konpayi asirans (oswa konpayi, si li finanse pwòp asirans li) non li anba la a pral ba ou rezon pou refi a ak enfòmasyon sou kijan pou ou mande yon medyatè.

DISKRIMINASYON AK VANJANS

Kisa pou ou fè si yo fè diskriminasyon kont ou paske ou te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi?

Si patwon ou revoke ou, diminye salè ou ak/oswa avantaj ou yo, oswa ba ou sanksyon nan nenpòt fason paske ou mande oswa poze kesyon sou Konje Peye pou Fanmi:

Premyèman, ou ta dwe mande pou patwon ou re-entegre ou. Pou mande re-entegre ou:

1. Ranpli fòm *Demann Fòmèl pou Re-entegrasyon Konsènan Konje Peye pou Fanmi (PFL-DC-119)*.
2. Depoze *Fòm PFL-DC-119* ou ranpli a nan travay ou.
3. Voye yon kopi avi sa a bay: **Paid Family Leave, PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030**.

Patwon ou an gen 30 jou pou reponn demann nan.

Si patwon ou pa konfòme li avèk demann ou pou re-entegre ou nan 30 jou, ou gen dwa pou ale nan yon odyans ak Konsèy Konpansasyon Travayè a.

Pou mande yon odyans, depoze yon plent pou diskriminasyon/vanjans:

1. Ranpli *Plent pou Diskriminasyon/Revanj pou Konje Peye pou Fanmi (PFL-DC-120)*.
2. Depoze *Fòm PFL-DC-120* ou ranpli a nan travay ou.
3. Voye yon kopi avi sa a bay: **Paid Family Leave, PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030**.

Konsèy la pral sanble enfòmasyon sou dosye ou a epi pwograme yon odyans nan 45 jou.

NOTE BYEN: Pou depoze yon plent, ou dwe mande pou yo re-entegre ou avan jan li dekri anwo a.

Yon jij lalwa administratif ka pase lòd pou yon patwon re-entegre ou, peye ou nenpòt salè ou te pèdi, peye frè avoka, ak peye jiska \$500 nan sanksyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

ny.gov/PaidFamilyLeave

(844) 337-6303

